

# TRANCHE AK AKOUCHMAN

## ENTWODIKSYON

Nan fen gwosès la, kò fi a kòmanse yon gwo travay: ouvri epi pouse yon bebe soti anndan manman l pou l vin viv deyò a. Yo rele travay sa a tranche avèk akouchman.

Chak tranche diferan. Li ka long oswa kout, li ka trè difisil oswa byen fasil. Men, chak tranche ak akouchman suiv menm pwosesis la:

- Kontraksyon (doulè tranche) pandan kòl matris la ap ouvri,
- Matris la pouse bebe a desann soti nan vajen an,
- Bebe a fèt, epi
- Plasenta a soti.

Nan pati sa a nan liv la, nou esplike ki jan pou w prepare w pou akouchman, avèk kèk fason pou w pran swen yon fi pandan li gen tranche. Apre sa, nou pral esplike tranche ak akouchman an nan 3 etap diferan:

- **Matris la ouvri** (premye etap) kòmanse lè kontraksyon yo kòmanse ouvri kòl matris la. Etap sa a fini lè kòl matris la fin ouvri. (Gade Chapit 11.)
- **Pouse** (dezyèm etap) kòmanse lè kòl matris la fin ouvri. Nòmalan se lè sa a pou fi a pouse bebe a met deyò. Faz 2 a fini lè bebe a fèt. (Gade Chapit 12.)
- **Plasenta a soti** (twazyèm etap) se faz apre bebe a fin fèt. Li fini lè plasenta a fin soti. (Gade Chapit 13.)



Pifò bebe fèt san pwoblèm, men pafwa bagay yo ale mal, epi manman an oswa bebe a ka an gwo danje. Pou pifò pwoblèm, gen move siy anvan pwoblèm nan kòmanse.

Nan pati sa a nan liv la, nou esplike ki move siy pou w chèche pandan tranche a ak akouchman an, konsa w ka konnen si tout bagay prale byen, oswa si pral gen yon pwoblèm. Nou esplike tou ki jan pou w trete kèk pwoblèm, epi ki lè pou w mennen yon fi lopital si w pap ka rezoud yon pwoblèm lakay. Ou menm, fanm ansent lan, fanmi l, ak kominote a, nou tout ta dwe gen yon plan davans ki sa nou pral fè nan yon ka dijans, konsa n ap ka asire sekirite manman an ak bebe a pandan akouchman an (gade paj 106).

**Sonje sa:** Men move siy ki pi enpòtan ki montre yon fi bezwen èd medikal:

- Fyèb cho (gade paj 179)
- Tansyon wo (gade paj 180)
- Tranche a pran twòp tan (gade paj 186)
- Li senyen anpil (gade paj 224)





CHAPIT 9

# Preparasyon pou tranche ak akouchman

Nan chapit sa a:

**Siy ki endike tranche a pral kòmanse..... 149**

**Ki lè pou w al nan akouchman an ..... 151**

**Ki sa pou w pote nan akouchman an ..... 151**

**Esterilize zouti w yo epi lave kò w byen pwòp ..... 153**

# PREPARASYON POU TRANCHE AK AKOUCHMAN




Prepare w pou akouchman an depi w wè siy ki endike manman an pral kòmanse gen tranche talè konsa.

## Siy ki endike tranche a pral kòmanse

Pa gen fason pou w fin sèten ki lè yon fi pral kòmanse gen tranche, men gen kèk siy ki montre li pral kòmanse anvan lontan.

Nan kèk semèn anvan akouchman an, pitit la ka desann pi ba nan vant lan, manman an ka santi plis kontraksyon, oubyen manman an ka santi l yon jan diferan. Gen lòt siy ki ka parèt youn oswa 2 jou anvan tranche a kòmanse. Poupou manman an fè a ka yon ti jan diferan, oswa glè ki gen tras san ka soti nan vajen l. Pafwa, li pase likid.



## Pitit la desann pi ba nan vant la

Anpil fwa, bebe a desann pi ba nan vant manman l lan apeprè 2 semèn anvan akouchman an. Sepandan, si manman an te fè pitit deja, pitit sa a ka pa desann pi ba jiskaske tranche a kòmanse.


## Kontraksyon yo ap vini pi fò epi pi souvan

Pandan tranche a, matris la ratresi epi li vin pi di. Yo rele sa kontraksyon paske matris la kontrakte, li vin sere.

Pou w ka konprann pi byen ki jan kontraksyon fèt, reflechi sou sa k pase lè w tòde dlo nan yon twal. Twal la sere epi li vin byen di.



Se menm jan an matris la fè kontraksyon pandan tranche a. Ou ka wè l ap tòde tankou nan foto a.



Gen 2 kalite kontraksyon: fo kontraksyon ak kontraksyon tranche. **Fo kontraksyon** fèt pandan tout gwosès la. Yo fèt anwo vant lan, yo pa twò fò e yo fèt yon lè konsa. Anpil fi pa menm santi yo. Fo kontraksyon ka kòmanse epi sispann plizyè fwa. Anpil fwa yo sispann lè fi a chanje aktivite li t ap fè a. Pa egzanp, si manman an t ap mache lè kontraksyon yo kòmanse, yo ka sispann lè li chita.

Anpil fwa, fo kontraksyon ka vin pi fò epi pi souvan kèk jou anvan tranche a kòmanse.

**Kontraksyon tranche** kòmanse lè li prèske lè pou bebe a fèt. Yo fèt pi ba nan vant lan oswa nan do a pase fo kontraksyon yo, epi yo pi fò. Kontraksyon tranche kontinye vin pi fò e yo kapab fè mal anpil.

### Manman an santi l yon jan diferan

Pafwa yon fi ka santi li pral gen tranche. Li ka santi li ay, li trè poze, epi li pi konsyan eta kò l. Oswa, li jis gen anvi rete lakay li pou l tann tranche a. Tout sansasyon sa yo se bagay nòmal.

Gen fi ki gen anvi netwaye epi ranje kay yo anvan tranche a kòmanse. Se yon anvi ki nòmal, men se pa lè pou fi a ap travay twò di. Tranche a ka kòmanse nenpòt ki lè, e li bezwen rete ak tout fòs li sou li. Fanmi l ka ede l fè travay sa yo pou li menm li ka repoze.




### Poupou a diferan

Anpil manman fè poupou ki pi likid (dyare) lè yo pral gen tranche. Sa pèmèt kò a pran yon lavman pou fi a ka pi alez pandan tranche a ak akouchman an.

### Glè nan vajen

Pandan prèske tout gwosès la, gen yon ti twou nan kòl matris la ki bouche ak yon glè.




Detwa jou anvan tranche a, kòl matris la kòmanse ouvri. Pafwa, lè sa a glè a konn soti nan vajen an avèk yon ti kras san.

Glè a ka soti yon sèl kou, konsa tou li ka degoute pandan plizyè jou. Lè w wè sa, ou mèt konnen kòl matris la ap vin pi fen, pi mòl, epi li kòmanse ouvri. Tranche a ka kòmanse nan youn oswa 2 jou.



Fè atansyon pou w pa konfonn glè a avèk lòt pèt ki konn koule sot nan vajen an anviwon 2 semèn anvan tranche a. Likid sa a konn yon glè ki pi klè, e li pa gen san ladan l.

### Li pase likid



Lè fi a pase likid, anpil dlo ka soti toudenkou oswa li ka degoute tou dousman. Pi souvan, fi a pase likid lè l gen tranche. Si l pase likid anvan tranche a, konnen tranche a pral kòmanse nan kèk èdtan.

Si tranche a pa kòmanse nan 6 èdtan apre li fin pase likid, gen chans pou l fè enfeksyon. Plis tan ki pase apre li fin pase likid, gen plis chans pou l fè enfeksyon. Ou ka chwazi fè yon bagay pou ensite tranche a (gade paj 191). Si 24 èdtan (yon jou ak yon nuit) pase apre li fin pase likid epi tranche a poko kòmanse, mennen l lopital.

Si w oblije ale byen lwen pou w jwenn èd medikal, ou dwe deplase pi bonè.

## Ki lè pou w al nan akouchman an

Ou dwe al wè manman an lè nenpòt nan siy sa yo parèt:

- Kontraksyon tranche a kòmanse.
- Manman an pase likid.
- Manman an santi li gen bezwen w.

Si w rive epi w remake manman an fèk kòmanse gen tranche (epi w pa rete lwen), pa gen pwoblèm si w al lakay ou pou yon ti moman. Mande manman an pou l fè yo rele w lè tranche a kòmanse vin pi cho. Men, anvan w deplase, chèche konnen:

- Eske se premye pitit l ap fè? Gen chans pou tranche a pi long si se premye pitit li.
- Eske fi a konn gen tranche kout oswa long deja? Si tranche anvan an te kout, tranche sa a ka pi kout toujou.
- Jis ki kote ki gen yon lopital?



## Ki sa pou w pote nan akouchman an

### Ale avèk yon asistan

Lè w ale nan yon akouchman, li pi bon pou w mennen yon asistan ansanm avè w. Si gen yon ka dijans, yon moun ka pran swen bebe a pandan lòt la ap okipe manman an. Oubyen tou, youn ka al chèche èd pandan lòt la rete la a pou l jere pwoblèm nan.


Si w pa gen yon asistan, aprann yon moun ki sou plas (mari manman an, sè l, bèlmè l, oswa zanmi l) kòman pou yo ede pandan akouchman an.

## Pote ekipman

Lè w kwè tranche a pral kòmanse, se pou w asire w ou genyen tout ekipman ak zouti w ap bezwen pou akouchman an. Manman an ka byen genyen kèk nan ekipman sa yo lakay li. Fanmsaj la dwe pote rès yo. Li trè bon pou yon fanmsaj gen yon pakèt ki gen tout ekipman ak zouti l ap bezwen yo.

### Ekipman ki pi enpòtan pou w genyen nan yon akouchman

Menmsi w pa ka jwenn tout bagay, pote ekipman sa yo kanmenm:



Dlo pwòp pou bwè epi lave.




Savon, epi si posib, enpe alkòl ak yon bwòs pou lave men w epi bwose anba zong.



Fil esterilize pou mare kòd lobrik la.




Jilèt/sizo esterilize pou koupe kòd lonbrik la.



Mwayen transpò pou w ka al lopital nan ka dijans.



Gan pwòp (oswa sachè plastik ki trè pwòp) pou mete chak fwa w ap manyen vajen manman an, pitit la, san, oswa pou pou.




Aspiratè oubyen sereng ki pou rale glè ki nan nen ak bouch bebe a lè l fin fèt.



Piki "oxytocin" oswa konprime "misoprostol" pou si l ap senyen anpil apre akouchman an

### Lòt bagay k ap fè akouchman an pi fasil



Yon kote ki pwòp pou akouchman an fèt.



Anpil twal ki byen pwòp w ap bezwen pandan akouchman an epi pou bebe a apre.



Dife pou bouyi dlo.



Bòl/kivèt ou ka itilize pou lave epi pou mete plasenta a.



Manje pou manman an ak asistan yo.



Bon moun ki ka ede w ak akouchman an.




## Lòt ekipman ki trèztil yon fanmsaj ka mete nan pakèt li a



Yon tabliye avèk yon mouchwa pou mare tèt



Dosye medikal manman an ak yon plim ak papye




Yon flach

Yon bon liv sou akouchman



Yon estetoskòp



Tansyonmèt



Yon mont oubyen kwonomèt ki ka kontwole segonn



Twal gaz ki esterilize



Tout sa w bezwen pou fè sewòm oral (gade paj 160), oswa pake ou te fè pou sa




Fetoskòp



Santimèt pou mezire bebe a



Remèd fèy ou konn itilize



Sizo ki esterilize ki pa pwenti pou koupe kòd lonbrik la lè a bebe a poko fin fèt (nan ka dijans sèlman!)



Zegui ak fil ki esterilize pou koud kote ki chire




Yon ti balans pou peze bebe a



Tèmomèt


2 pens (emostat) esterilize pou tache lonbrik la oswa venn k ap senyen si manman an chire.



Medikaman VIH pou manman an ak pitit la si manman an enfekte



Sereng ak zegui ki esterilize epi medikaman pou ka dijans



Pwomad "erythromycin" oswa "tetracycline" pou je pitit la.

**Sonje sa:** Tout ekipman sa yo enpòtan, men, menmsi w pa genyen yo, sa pap anpeche w vin yon trè bòn fanmsaj. Bagay ki pi enpòtan pou w genyen lè w pral fè yon akouchman se sajès, eksperyans, ak lanmou.

## Esterilize zouti w yo epi lave kò w byen pwòp

Lè w rive kote w pral fè akouchman an, asire w tout zouti w yo esterilize (gade paj 59). Tout zouti k ap antre anndan vajen an oswa k ap koupe po dwe esterilize. Ou dwe esterilize gan, jilèt oswa sizo k ap koupe kòd lonbrik la, ak sizo k ap koupe vajen an pou fè pasaj pou bebe a soti (epizyotomi).

Lave men w souvan pandan akouchman an, epi se pou w taye zong ou yo kout. Mete rad pwòp sou ou. Yon tablye pwòp ap ede w pou san ak lòt likid pa sal ou.